Соколёнок

# Лачен

2/2020

март – апрель

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 75 СОН ТIУБАЯЛДЕ

*Исана 75 сон тIубала КIудияб ВатIанияб рагъда – гIалхулал фашистазда тIад нилъер улкаялъул бахIарчияб халкъалъ цолъун, цадахъ рахъун КIудияб Бергьенлъи босаралдаса. Исанасеб сон РакIалдещвеялъул сонлъунги лъазабун буго. ГIицIго исана гуребги, щибаб сон ракIалдещвеялъул сонлъун букIине ккела, нилъее бергьенлъи гIагар гьабурал, хваралги, хабар лъачIого тIагIаралги, тIадруссун рачIаралги бахIарчиял умумул нилъеда киданиги кIочене бегьиларо. Гьединал улкаго чIухIарал, багьадурал ишал гьарурал, рукъараб бакI лъаларел солдатазул хIакъалъулъ гьанжеялдаса 50 соналъ цебе мунагьал чураяй Фазу ГIалиевалъ хъван букIараб «Даимаб цIа» къасидат нилъеца цIидасан цIализе рекъараблъун бихьана нижеда.*

**Фазу ГIАЛИЕВА**

# Даимаб цIа

**(къасидаталъул кескал)**

***

**Аза-азар памятник**
**Гьабун буго нужее,**
**Гьенир меседил хIарпаз**
**ЦIар рагIарал устараз**
**ЦIар лъаларев солдатан**
**Лъабго рагIи хъван буго…**
**Лъабго ругъун гIадин гьеб**
**Ссудула ругъун рекIелъ;**
**Релъун ругин ккола гьел**
**Дир каранзул бидуца.**
**Кин, Шамил, мун лъугьарав**
**ЦIар лъаларев солдатлуън?**
**Дун дур эбел, дур рухIел,**
**Дур гIумрудул байбихьи,**
**Дур кьибиллъун лъугьана,**
**Дун гIаркьеллъун тIегьана.**
**Борхатаб мегIералъул**
**РагIалдаги чIун дица**
**ЧIегIераб кIаз бахъила**
**ХъахIлъарал гъалаздаса.**
**Дунялалда рагIулеб**
**Гьаракьги гьабун дица**
**АхIила: «Солдатасул**
**Эбел йиго, дун!» – абун.**
**Дир вас кIочене гьечIо**
**Дунял чIаго букIаго,**
**Дир мацIалъ цIорозегIан,**
**АхIила досул цIарги.**
**Аза-азар хоб буго**
**Ракьул гьурмада щущан**
**Щиб хобалъув мун вугев,**
**Хирияб дир рекIел хIинчI?**
**Эбелалъул хиялаз**
**ТIолго хобал сверана,**
**Эбелалъул рухIелаз**
**ТIолго къанал рорхана.**
**Гьезул къаданир чIварал**
**Заназда цере дица,**
**МугIруздаса тIун росун,**
**ТIогьол квацIаби лъуна.**
**Дун солдатасул эбел,**
**ИчIго моцIалъ рокьигун**
**Ва рикьизе кIоларел**
**КIудиял ургъелалгун,**
**Ургьиб гьинал рекIеда**

Гъоркь бахчараб, дир лъимер,
Дур цIар лъаларин абун
Унго, лъица абураб?
Гьал цIорорал ганчIазда
ЦIарал рикIичIониги,
Нужер соназул тарих
Гьениб батичIониги,
Бице чIаго ругезда
ЧIарбида рукъун ругел
Дол чIухIарал солдатал
КIочене рес бугебищ?
Гьел ракьул гвандаялъур
Рагъухъаби гурелги,
Рукъун руго улбузул
Угьдулел рекIел кескал.

***

Гьел рагIаби цIалидал,
ЦIунцIраххун бачIуна черх.
Йохъ, улбуз абиларо
Гьезул цIарал рукIинчIин,
ЦIалуге гьел рагIаби
Гьезда рагIизе гьарун.
Ругъналги чуричIого,
Мусралги шушинчIого,
Шинелазулъ рукъарал
Улкаялъул солдатал!
Эбелаб ракь цIунизе
Жидерго рухIал кьурал,
Жидер бахIарлъи кьурал,
Жидерго цIарал кьурал,
Нужер хабаде къулун
Буго кIудияб ВатIан,
Дунял хIайран гьабурал
Нужер хIисаб гьабулеб.
Жакъа Кремлиялъул
Кавудал кIалтIа нужей
КIудияб цIа бакана,
ЦIар лъаларел солдатал!
Киналго хобал рагьун,
КъватIиреги рахъун нуж
Гьенир данделъанилан,
Ккана дида ракIалде...
Гьаб даимаб цIа буго
ЦIваялда гьоркьоб бакун,
Гьеб свинаро гIасрабаз,
ГIолохъан хутIила нуж.
Гьеб цIа буго улбузул
РакIазулъ бугеб гIадаб.
Гьеб бухIиялъ гуребдай
БухIараб дир гьурмада,
ГьадигIанго цудунго
РукIкIалаби сокIкIарал?



Гьеб бухIиялъ гуребдай
Заманаго щвелалде,
Щар тIураб дир чIегIераб
БотIрол расалде тIаде?
Васал рагъда тIагIарал
Дунялалъул улбузул
Ургьиб рекIараб цIадул
ЦохIо кваца гьабуни,
КинабгIаги дуниял
БухIизе хIалкIвелаан.
Гьел цIвабзазде руссани,
ЦIелаан тIолго зобал.
ЦIаялги жанир рахчун,
Руго ниж хьулаз хьихьун,
Нагагь чIагого хутIун
ТIадруссинин васалин.
ЦIар лъаларев солдатан
Лъица досда абураб,
Дир рагъде тIовитIарав
ТIадвуссинчIев васасда?
ТIолалгоги улбузул
Эбел – ракь, дуца бице,
Дос цIар нахъейищ тараб,
Я цIадулъищ бухIараб?



Досул чоца гьекъараб
Чабхил иццазда гьикъе,
Досие кечI ахIарал
ХIанчIазде ругьел битIе!
Бигьаго чияр гуллий
Чучулеб черх букIинчIо,
Чаранкьурабалъ гIурав
ГIолохъанав дир цIудул...

***

Эбелаб ракь, хIалимго,
ХIухькъотIун щай мун чIолеб?
Рагъулаб авлахъалда
Гулла щун щапарав дов,
Дир рекIел тIегь, тIулил ракI
Дур чохьонив вукъана,
Гьесда тIадеги къулун
Байрахъаз чIегIер бана...
Гьесул бералъ къого их
РештIана рохел гIадин,
Къого хасалил гIазу
ЧIана гьесул гъажалда.
Ракьалда батиларо
Эбелалъул ракI гIадаб,
ГIемераб жо мухIканго
Жаниб бачун хъвараб тIехь.
Гьениб лъимаца лъураб
ЛъалкI мухIканго хутIула,
Гьелъул щибаб тIамчида
ТIубараб къиса буго...

***

Дица рагъде витIарав
Дир хирияв вас вуго
Мармар ганчIиде сверун,
Я мазгарлъунги лъугьун,
ЦIар лъаларев солдатлъун
Ракьалда киса-кивго...
МагIарул таваккалгун
Тушманасда дандчIварав,
ВатIаналъе рухIги кьун,
ЦIар лъаларев лъугьарав,
ЦIумлъун боржунеб буго
Дур сипат Европалда...

ПОБЕДА!
1945–2020

Адам МУХIАМАДШАРИПОВ,
9 классалъул цIалдохъан,
Гертма росу

# Рагъул бахIарзал

Рорхатал мугIрузул цIумазул гIадин,
ЦIар жидер гвангъарал лебалал васал.
ЦIвабзаздаги гьоркьор кунчIи цIикIкIарал,
ЦIадулъ лъадарарал рагъул бахIарзал.

РахIат бихьичIого, хIалхьи лъачIого,
Бергьенлъи босизе чорхол рухI кьурал.
ВатIаналъе гIоло, халкъалъе гIоло
Кьалул авлахъалда гIумру тIамурал.

Ракъи-къеч хIехьарал, чилъи цIунарал,
Чанги тушманасул гулла нахъчIварал.
Рейхстагалъул тIохде тIадеги рахун,
ТIад багIараб байрахъ парпазабурал.

Ниж налъулал руго нужее даим
Къадру тIадегIанал, рагъул бахIарзал.
Ракълилаб дуниял сайгъат гьабурал
Нужее баркала бергьенлъиялъухъ.



Ибрагьим ГІАБДУЛАЕВ,
Гуни росу.

# ГІагарлъулеб буго 9-леб Май

ГІалхул  фашистазе басралъи щвезе
Рейхстагалъул тІохда байрахъ чІвараб къо,
Щивго кІочон гьечІеб, щибго кІоченчІеб,
ГІагарлъулеб буго ичІабилеб Май.

ИчІботІрол аздагьо хІатІикьги мерхьун,
Бергьенлъи босарал, рагъул бахІарзал,
ЦІадул корониса ВатІан бахъарал
ЦІарги рецցги нужей даимаб буго.

Нагагь ВатІаналде тІаде къо ккани,
Дицаги борчина чарамул ярагъ,
БахІарчиялъе хвел букІунаро,
Нужер ишаз кьела чорхое къуват.

Биччанте ракьалда рекъел букІине,
Рекъел бокьулезул кьерал цІикІкІине.
РагІугеги тІокІаб рагъул гъугъади,
КъотІугеги  нилъей бакъалъул канлъи.






Рокъов ракІкъоларого вугев Эльдар тира-сверизе къватІиве вахъана. Щвана росурагІалде. Цо гъотІода буго хІанчІибусен. Кинаб хІанчІилдай?.. Валагьанагури, руго хІанчІитІанчІи. Жибго хІинчІ гьечІо. РикІкІана.Ункъо буго.

«Огь, гьал роххараб куц бихьулищ дун вихьигун» – илан ккана гьасда ракІалде.

Гьез гьитІинал тІугьилал кІалал цадахъго рагьана. Эльдарида ккана гьез абулеб бугин:

– ВорчІами, Эльдар, лъикІ щварав», – абун.

Гьавги гьазие жавабалъе гьимана, лъикІ ратаралилан абуна. Гьесда кколеб букІана гьез нахъе унгейилан гьарулеб бугилан.

Амма гьенив гъотІодаго чІезеги рес букІинчІо. Щибдайха гьабун лъикІ? ГъотІоде ваханилан кІодода бицаниги гьесие лъикІ букІинаро.

«ЛъикІ буго, гьадигІанго гьазие дун нахъе ине бокьун гьечІелъул, дица гьезул цоябгІаги бачина». Гьединги абун, Эльдарица цо тІинчІ бачана. Лъороб гьебги тІамун рокъове ана.

Цо талихІалъ гьесда рокъов щивниги ватичІо.

КІодо гьасул бачазда хадуй ун йикІана... Гьебни букІана Эльдарил тІадаб налъи. Амма... амма гьев кватІидал, бачал къватІир тезе бегьилищха. Эбел гІака бечІчІулей йикІана. Эменин абуни хІалтІудаса кватІун гурони вуссунароан...

ГьиштІунакуги бачунаго, Эльдарица тІоцебе хІанчІитІанчие бусенрукъ хІадурана. Азбаралда букІана инсуца коконги жанибе бан бачІараб цІулал ящик. Гьеб гьес рагьун толеб нуцІида нахъа лъуна.

ЦІияб бусен бокьичІогойищ, яги дораго тарал жиндирго бацал ракІалде щунищали лъаларо, пашманго, цин рахІат гьечІого, цинги макьу речІчІараб гІадин лъугьун букІана хІанчІитІинчІ.

«Гьедин киналго рукІуна цІияб бакІалда ракІгъоларого, цинги ругьунлъула. Риидал дунгогицин вукІана шагьаралде ункъачохъе араб мехалъ гьадин. Цо анкьидасан ругьунлъана. Абги ругьунлъилеб батила» – абун пикру гьабулеб букІана Эльдарица.

Гьас тІанчІида цебе нахги бахун чед лъуна, лълъелги цІун суркІа лъуна, конфеталги рана. Эбелалъул басрияб гордеги рехана ящикалде тІаде...

Киналго данделъун кваналелъул бугоха, мехтарав чи гІадин, бачІунеб хІанчІитІинчІ.

Виххарав Эльдар цин хаган хутІана. Цинги гьаракь борхун абун борчІана:

– Балагье, балагье! БачІунеб буго, ящикалъуб чІалгІараб къагІида. Киналго тІинчІ бачІунеб рахъалдехун

ралагьана. Гьебги гIадаллъараб жо гIадин, хьибилалде щапун ана.

Эбелалъ гьеб кодобе бачана.

– Вай, пакъир, хвезехъин бугогури мун...

Эльдар вукIана гьебсагIат жинде рагъизе байбихьилилан.

Цин кIодо ахIделин, цинги эмен семилин, эбелалъ абуни...

Амма кинабго гIаксалда ккана. ТIинчI бихьарабго кIодо цIорогъорон хутIана, микъан кIалъачIо. Эбелалъ кроваталда тIинчIги лъун, угьун хIухьел биччана, свакараб мехалъ гIадин. Инсуца кьунсрул рукIкIинаруна ва телевизор биччана. Эльдарги гъоркьа-гъоркьан гьезухъги валагьун телевизоралда аскIов чIана.

Балагьалъего гIадин, гьенирги ругоан хIанчIитIанчи рихьизарулел.

Гьале гьороца хьвагIезабуна гъветI, гьелда букIараб бусадаса цо тIинчI бортун бачIана. Гьале гьав Эльдар гIадав гьитIинав васас хIеренго кодобеги бачун, гъотIодеги вахун, букIаралъуб лъуна ва гьев тIанчIазда кIалъана:

– Дун ккола нужер гьудул, Мурад, – абун.

– Пайда щибха, дир вас анищ гьадав Мурад, – ан абуна кIодоца Эльдарихъги ялагьун.

Эльдарида сабру гьабизе кIвечIо. Гьев гIодилаго кIодода хурхана:

– Дица радалго нахъе щвезабила хIанчIитIинчI, радалгоха, кIодо, – ян абулеб букIана гьес.



# КатІитІинчІ

Асият радалго тІаде яхъана. Кидаго гІадин, жиндирго ретІел ретІана, гьумер чурана, цинги богорокъое гІедегІана. Эбел гьений ятичІо. Эменги, радиоги биччан, цІиял харбазухъги гІенеккун, чай гьекъолев вугоан.

– Дада, ва дада! Баба кие арай? – ан гьикъана Асиятица.

– Тукаде ана, дир яс, дуе рахь босизе. Мун йорчІилалде тІадйиссинилан абун букІана, – ян жаваб кьуна инсуца.

Инсуда щибго жоги абичІого, гьесда рагІиларедухъ нуцІаги рагьун, Асият къватІиехун лъугьана. Щвана азбаралде. Бугоха гьениб цо гІомо-горо гІадаб катитІинчІ, гІодобги кІусун мимидулеб.

Цин дое-гьаниехунги ялагьун, Асиятица катитІинчІ кодобе бачана ва, гьебги каранде къан, рокъое екерана. Гьелъие гІиллаги букІана.

Цонухалъ ккана гьадинаб иш. Асиятида азбаралда бачун букІана квачІалги хъахІаб, жибгоги чІегІераб гьитІинаб таращ. Кодобе гьебги батун, гьелъие берцинаб мацІ бицуней йикІана Асият. Гьелъие бокьун букІана таращ жиндиего бачине. АскІовеги вачІун, мадугьал



ГӀалица таращ жиндир бугилан бачун ана. Жакъаги гьединго ккелилан ятилаха Асият рокъоее гӀедегӀарай.

Асият инсуда аскӀое щвана.

– Дада! Бихьулищ цо дида батараб берцинаб катитӀичӀ?

– КисагӀаги, дир яс, дуе гьеб щвараб?

– Гъоба азбаралда гӀодулеб батана. Дицаги рокъобе бачана. Бабаеги бокьиларищха, дада, гьадигӀан берцинаб катитӀинчӀ?

– Дида лъаларо, дир яс, эбел ячӀараб мехалъ, гьелда дуцаго гьикъе... Недегьаб жо бихьула. БетӀергьанчи гьечӀеб жо гьеб батиларо...

Эбел тукадаса ячӀана. Гьелда рукъбакьулъ катитӀинчӀги гьелда кверал рахъулей Асиятги рихьана.

– Гьаб киб букӀараб, Асият?

– Дида азбаралда батана, баба. Дица нилъеего бачана.

– Бегьуларо, бабал, бегьуларо. Гьелъул бетӀергьан ватила гьебги билун, пашманго. Дуего бокьилаанищ, дурго букӀарабани, гьеб билизе?

– Гуро, баба, гуро! Гьалда аскӀов щивниги вукӀинчӀо, гьалъул бетӀергьан ватиларо, – ян лъугьана Асият.

Ана лъабго къо. КатитӀинчӀ Асиятиде ругьунлъулеб букӀана.

Цо къоялъ тукадаса ченги босун, Асиятги эбелги рокъоре рачӀунел рукӀана. Данде ккана мадугьал Раисат. Гьикъа-бакъарана. Вас цӀехараб мехалъ, Раисатица абуна:

– Цо квасул нухи гӀадаб, нодоги хъахӀаб катитӀинчӀ букӀана Къадие дир эбелалъ кьун. Гьебги билун, гьал къояз кьерхун вуго гьев. РаккичӀеб бакӀги течӀо, батуларо кибниги.

Асият рахӀатхун лъугьана, гьей багӀарлъана. Нодоги хъахӀаб катитӀинчӀалъул цӀар бахъи гьелъие рекӀее гӀечӀо.

– Валлагь, яц Раисат, дир Асиятида азбаралда мимидулеб батун, рокъобе бачун бачӀана цо дуца абулеб гӀадаб катитӀинчӀ. Гьеб Къадил батизеги бегьула, халгьабизе рачӀаха нужерго.

– ЛъикӀ буго, бакъанида раккила ниж, – ан абуна Раисатица.

Асиятида бичӀчӀана жий катитӀинчӀалдаса ятӀалъизехъин йикӀин. Гьей цӀакъ къварид йикӀана. Нухасан гьелъ эбелалда гьикъана:

– КӀодол катица цойги гьабуларищ, баба, Къадие катитӀинчӀ?

– Катицаяли тӀанчӀи чанги гьарула, амма Къадие жиндего ругьунаб бокьиларищха, бабал?

Гьеб жаваб цӀакъго рекӀее гӀечӀо Асиятие.

Бакъанида цӀумур кьабулеб гьаракь бахъана. Асиятица нуцӀа рагьана. Къадиги гьесул эбелги жанирехун лъугьана.

Жаниве лъугьун вахъиналде Къадил бер речӀчӀана жиндирго Горочида. Гьев гьелда аскӀове векерун ана.

– Дир хирияб, дир Гороч! Щай мун рокъобе бачӀинчӀеб? – ан гьелъие берцинаб мацӀ бицине лъугьана гьев.

КӀиялго улбул чай гьекъолел рукӀана. Къадиги Асиятги, цин цоял цинги цоял лъугьун, катитӀинчӀ лъухьулел, гьеб басандизабулел рукӀана.

СагӀат ичӀго тӀубана.

– Къади, рокъоре рилълъине заман щвана, – ян ахӀана гьесул эбелалъ.

Къади, катитӀинчӀги кодоб ккун, нуцӀикӀалтӀе щвана. Хадуй Асиятги щвана. Гьелъул бадиса магӀил гарал гирулел рукӀана. КӀиябго берги катитӀанчӀида букӀана.

– ГӀодуге, меседил горо, гӀодуге, Асият! Гьанжеялдаса нахъе гьеб Къадил гуребги, дургийин кколеб. Дуца рокъобеги бачун хьихьичӀебани, Къадил гьеб билилаан. Мунги ячӀа гьабгун ясандизе нижехъе, – ян абуна гьелда бугеб хӀал бихьарай Къадил эбелалъ.

Къади, эбелалда хадувги инчӀого, нуцӀикӀалтӀа лъалхъана. Цинги жаниверги вачӀун, катитӀинчӀ Асиятихъе бегьана.

– Ма, Аси, гьаб духъго те... Дуего те... Дунго вачӀина нужер аниве, аб басандизабизе.

# ПатIичка Давудова

Махсут ЗайнулгIабидов



ПатIичкае анкьго тIегь
Кьуна эбелалъ жакъа,
Анкьабго гьеб данбухьун
Цо квацIи гьабуна гьелъ.

Берцинаб тIогьол квацIи
КенчIолеб буго гьалъухъ,
ТIоцебесеб цIумурги
Кьабулеб буго гьалъий.

ПатIимат Давудова
Гьале, кIудияй гIуна.
Ана мокъокъал гIадин,
Классалъуре лъимал.

Балагье, тIоцеесей
Учительница ячIун,
Абуна гьелъ разиго:
– Здравуствуйте, дети!

– Здравствуйте! – абун
Жаваб кьуна гьитIичаз.
Кинабго классалда
Цадахъ ккана гьеб рагIи.

Лъималаз тIугьдул кьуна
Учительницаялъе,
Анкьабго тIогьол квацIи
ПатIичицаги кьуна.

Дица ПатIичкайилан
Ячунаан кодое,
Гьанже Давудоваян
АхIила учителалъ.

КIудияй гIадан йиго
Гьанже нижер ПатIичка,
ЦIодорай гIадан йиго
Гьанже нижер цIалдохъан.

# ЛахIчIегIераб хIамикIерт

Нижер буго хIамикIерт,
ХIеренаб, аваданаб
Авлахъ цIун басандулеб,
Бекерун чIел босулеб.

БецIаб сардилълъ гъабураб,
Бакъул къогIан разияб,
КIоларо цо лахIзаталъ
ХIалхьуда чIезе гьелда.

ГIурччинаб авлахъалда
Эбелгун басандулеб
БукIа абе хIамикIерт,
КIарчамаб ва недегъаб.



ГIашшат Жалачиева

# КIудил гIиял баракат



– Гьал чахъаби къунцIизе
Чолониве дун ина,
Квасул нухи гуризе
КIудил гьунар бергьина.

– ТIеренго кун кьуризе
Квасгун, Аси ячIина,
Мергиде гьеб кIиркъизе
КIодое кумек щвела.

Мали лъун, гьеб жемизе
Жамила аскIой чIела,
Гьелъул салмаг бессизе
Ясазе гьелъ дарс лъела.

Накъищ къачIалел килщал
Куназда расандила,
Кьерал гIемерал гIамал
ГIурдузда тIад кьурдила.

КвертIаххелал хьухьине
ГIучIалгун дун кIусила,
КIазие гьин речине,
Чакар аскIой ахIила.

– КIудил гIиял баракат
Киназего гIун буго,
Чанго тIокIаб шапакъат
Гьесул каранда буго.

Рокъоб гIиял хIан буго,
ЦIетIа гьанал хьаг буго,
Мокъ цIцIан хъвехъари буго,
Рагьу цIун кьагIи руго!

# БАГЪУЛИ

Вай, багъули, дир бубуч,
Багъун къечIеб басикIо,
Кар кьур-кьурараб кьарач,
Бухъардулеб бугъикIо.

Багъилеб букIинчIого,
Бекьаризе ккун буго.
Питна балагъичIого,
Пайдаялъе гIун буго.

Бергьунин, бачал гIадал
Чияр бусби зуруге,
КIанцIун бачIун, дир адал
ЧIемгIа-къоно гъуруге.

Бачидаго кин дуца
Бугъил гIамал босараб –
ГIелалдего кир дуца
Рагъул дарсал цIаларал?



# Хьихьарал цӀунцӀраби

Гьеб букӀана дунгоги гьитӀинго йигеб, мунагьал чураял дир эбелэменги чӀаго ругеб, дирго бищунго талихӀабилан рикӀкӀине бегьулеб заман.

Хасало бухӀизе цӀулае ахил ракъварал гъутӀбиги къотӀун, печалъуб гьунедухъ хъухъараб цӀулал мачӀу букӀана тӀокъода къелракьалда сокӀкӀун. ЦокӀиго нухалъ гӀащтӀиги бан, хъвалхьизабун босулаан гьеб цӀадаб лъезе.

Цокъоялъ рогьалилълъго эбелалъ дангъура цӀун, сурмияб кьералъул гӀомо-горо гӀадаб жо босун бачӀана рокъобе.

– Гъаримал, цӀорон хун рукӀинадай ал? Ялъуни хасалил макьидросундай ругел? – илан инсуда цебе ккуна гьелъ цо торгӀо гӀадаб жо.

Макьидаса тӀуянго йигьун йикӀинчӀолъиялъищали, дирго берazда бихьулеб жо щибали лъазе кӀолеб букӀинчӀо дида.

– ГъотӀол гьудринире руссун рукӀун ратилаха ал, геремалда гӀащтӀи кьабурабго, тӀвапан бортун бачӀана хӀохьода цебе цо гӀерекъ гӀадаб жоги, кӀийиде бикьун араб хъвалхьенги рахъ-рахъалъ ана, азул бусенги биххана, – ян тӀадеги жубана гьелъ.

Дун лъикӀго бералги цӀа-цӀазарун балагьана ва щиб гьебилан гьикъана.

– ЦӀунцӀрабиха, дир яс, – илан абуна эбелалъ.

– Воре, воре, цӀакъ кӀудияб хӀакъ букӀунин, хехго гьелги жанир лъун, цо гъадаро кроваталда гъоркье хъурще. Хунищ-чӀагойищ ругелали лъазегӀан, жахӀалго те, – йилан абуна инсуцаги.

Эбелалъги инсуца малълъахъе гьабуна. ПартӀан яхъун, гьезда тӀаде къуларай дида, чакарлъараб мурапаялда яги цо гьацӀул къабиялда релълъараб сурат бихьана гьениб.



– Щиб лъалеб, чӀаго ратизеги бегьулелъул... – илан абулеб букӀана эбелалъ.

– ЦӀунцӀрабаз цӀулада жанибищ бусен гьабулеб? – илан, цин инсухъ, цинги эбелалъухъ балагьулей йикӀана дун. Жиндирго зикру-дугӀаялде вуссун вукӀунищали, эмен дие жаваб кьезе кватӀидал, эбелалъ «уйилан» къокъго абун тана.

– Баба, рогьиналде тӀурччи ссун батани, юргъаналда гъоркьгицин квачала дун цо-цо мехалъ. ЦӀорораб хасало, гъотӀода жаниб батӀаго хинлъунищ букӀунеб? Гьел гьенир гӀуничӀого кин хутӀулел, ретӀараб ретӀел гурел, тӀаде рехараб ххамил чӀортоцин гьечӀеб

бакIалда? – йилан гIемерлъулел рукIана дир суалал.

– Бихьулищха, нилъедаса яхI цIикIкIарал, къохIехьолел рукIунел ругогури гьедигIан загIипал цIунцIрабигицин. Мунин абуни, хъещтIолаго квачарал хIатIалги ругьун, битIун гьел гIодорчIезе кIоларого йикIуна. ТIадежоялъе хIалцаца гъанкъулей йикIун, рогьинегIан нижееги дуегоги макьил рахIатбахъиги лъугьуна.

– ЦIунцIараби цIакъ бахIарчиял жалин кколел. Гьезул хIакъалъулъ дагьаб гурогури бицен–кици бугеб. ЦохIо гьел хIалтIулеб куцалъул мисал гIеларищ гьезие къимат кьезе ккани. ТIубарал боял рукIуна гьезул цоцазде тIадеги кIанцIун, рагъалги гьарун, бергьараз къуразул ханалгицин рахъулел. Жидерго черхалдаса чанцIулго кIудияб бакIлъигицин баччуларищ гьез?..

Сулайман аварагасде данде жиндирго боги бачун, гьев кIодо гьавизеян бахъараб цIунцIраялъулги гьелъул цIодорлъиялъулги хIакъалъулъ бицанагури дица нужее, – абун, гьимулаго, цIакъ гъира-шавкъалда бицине лъугьана эменги...

Гьоркьор къоял ана. Рукъ бацIцIунеб чIорто-цIилицIгун кроваталде гъоркье къуларай дида, кIочон тун рукIарал цIунцIраби, гъадриниса къватIиреги рачIун, чIарбида рекерахъдулел рихьана. Ниж кваналаго гIодоре гъарал гIисинал богIоллъидул къатIрабиги росун тIадруссун унел цоял, рахъ-рахъалде хъетулел цогиял ругоан гьенир.

– Ва-а-а-а! ЦIунцIраби чIаго рукIун ругогури! Гьале рукъго цIун рекерахъдулел! – илан ахIана дица, йоххиялъ.

– Хинаб печьрокъор рукIиналъ ихги щванин, гьанже хIалтIизеги кваназеги рахъине ккелалин ккун батизе бегьула эзда, гурищха, баба? – ян абуна, рокъобе хIалтIи гьабулев вукIарав вацас.



– Уйищ, баба? – ян гьикъана дицаги.

– У батилаха, – ян тIасабихьизабуна эбелалъ.

– Гьанже гьел мерхьинаредухъ, цере ралагьун рилълъа. Лъалаго гьел чIинчIани, чIвани, кIудияб хIакъикье ккезе рес буго. Нилъеца рухI бахъизе бижараб жо дунялалда тIутIгицин гьечIебха, дир лъимал. Воре, цIодорго хьваде. Ццин бахъинчIого, сабуралда чIа. Рокъор тIиритIун гьел рекерахъдичIого рукIине гьезие кваназе хъурун чед, гьуинлъи, цоги бегьулебщинаб доб жидеего лъураб гъадринибе базе бегьила, – ян малълъана инсуцаги.

Цокъоялъ эбелалъул релъи рагIулаан, гIадамасдасаги гIакъилал ратулин гьадигIан гIисинал рухIчIаголъабийиланги абулаго.

Щибин ккарабилан гьикъулеб бугоан мадугьалалъ.

– ТIаде чи вачIани чай гьекъезениги букIине абун, гьезухъе щолареб бакIалдайилан, холодильникалда тIад лъун букIараб гьал натIхIил кескал жанир лъураб налбек, чIобого гьабун бугеб куц бихьизе балагье, талихI кьегийин, – илан абуна эбелалъ. – Цо-кIиго цIунцIрани бихьун букIарабха дида гьаниса тIаде ххарулеб. Цоялъ цоялда бицунеб батизе ккола, доба кваназежо бугилан. Гурони, кинха гьел киназдаго лъазе букIараб дица натIухI бахчараб бакI. Гьанже тIубараб аскар унеб бихьулярищ эххеде бахун. Абщинаб бо тIаделъараб мехалъ, аниб жанибги щибха хутIилеб? – илан, тIиналда рекIараб цIулакьодул хъалги жаниб хутIараб налбек цебе ккуна гьелъ мадугьалалда. – Мадина, доб гьацIул банканиги босе, ир яс, нижее чаялда данде кIалдиб лъезе! – ян абуна гьелъ елъулаго.

– Гьебщинаб цIунцIра тIаделъани, натIхIил тепси цIураб букIаниги нахъе жо хутIизе батиларилан мадугьалги елъана.

– Конфеталгийин гьез тIад жемераб кагъат хутIун, гьодор гьарун ратулел. Гьуинлъини лъималазегIанги хирияб бугеб къагIида азие, – абун бицунеб букIана эбелалъ гьелдехун...



Дагь-дагьккун ихдалил махIчIвалеб букIана. Гьанже рокъоб цIа бакизе ккеларилан кколел къоял рачIана. Дагь-дагьккун пастIанирейищ гочаралали, рокъожаниса цIунцIрабазул хъизамкулпат тIагIун ана.

Дол нижеца хьихьаралищ яги цогидалищали щибха лъалеб, тIегьарал гъутIбуздаги, гIурччинлъи-чIахIалдаги тIасан свер-свелел рихьулаан, хинаб бакъудаса къуватги-жанги щун, батIи-батIияб тIагIам-нигIматалдаса кепги босун, жидерго ругьунаб гIумруяшавалда ругел цIунцIраби.




Нижер мадугьалихъ гІумру гьабулеб букІана Карим абулев васас. Гьесул рукІана цІакъ гІемерал рукъалъул маккал. Макказул тІел гьаваялде бахъараб мехалъ, битІахъе гьулимаргъалалъул цІцІал бугин лъоба борхалъудаян кколаан ракІалде. Каримица гьиштІунаку бачунелъул, гьаваялда «чаргу» кьурди гьабулеб бугилан ккезе бегьулаан. Гьединаб лахІзаталда эхеде балагьани, лъималазе гуребги, чІахІиязегицин хІикматаб асар гьабичІого хутІулаароан. Нижер аваралъул киналго лъималги гьештІолаан Каримида цадахъ лъугьун, рохиялъ кІанцІолаан. ЛъилгІаги тІохда маккал рештІани, гьел роржинаризе цІад гІадин чІинххал ралаан. Мадугьалзабаз Каримил эбелалде гІарз бахъулаан, цоцоялин абуни, балъго щурщудулаан:

– ГІундузда квасквасгІагийищ бугІилебали лъаларо, гьал гІалхулал гьаркьал рагІунгутІизе;

– ГьечІеб хІалхьиха цо гьав жоясул маккал сабаблъун.

– Гьасул ригьалда дицани дирго унтарай эбелалъулги гІисинал вацал-яцазулги тІалаб-агъаз гьабулаан, – абун гаргадулаан годикІанив херав.

– Унго, бегьуларебдай Самабарица жиндирго васасда берцинго бичІчІизабизе? Дир тІохда тІолабго щегІ гъурун лъугІулеб буго, лъимал гІемер рехтІеялъ, – абун вахъунаан цогияв.

– Лъаларо, кинав бихьинчи гьесдаса лъугьиневали. Гьев лъикІго гІурав вас вуго. Щай гьесие маккалгІаги. Щиб гьездасан бугеб пайдагІаги? – ян ццидаххунаан цо-цоял.

– Киназего рокьула жиде-жидер лъимал, амма лъимералъе бокьанциналда тІадрекъезе кколаро улбул, – абун рагІулаан цогиязул гІарзал.

– Щиб гьей пакъиралъ гьабилеб, гьитІинаб къоялдаса инсуца гогьодаризавун ругьунлъарав васасда! ГІадада гурелъул нилъер халкъалъул кици батараб, «Бихьинчияс ругьун гьабураб гьвего бахьи бугеб букІунин, янгъизай чІужугІаданалъ гІезарурал лъималаздаса» абун. Гьанже, гІун вахъунккарав вас цІидасан хисизавизе кІвелищха Самабарида, – абун, цо-цо гьелъул рахъкколелги камулароан гІадамал.

ХІакъикъаталдаги, Каримил эмен вукІана кинабго васасул гьари тІубалевлъун. Каримие бокьун букІана гьве хьихьизе. КІиабилеб классалде вахъараб мехалъ, инсуца васасе сайгъат гьабуна гьитІинаб таращ. Гьеб рухІдакъаб тарщидаса кІудияб гьве гІезабуна Каримица. Гьесул рукІунаан гІанкІутІанчІиги. Васас гьезие щибаб

къоялъ хъулухъ гъабулаан: хисулаан лълъим, бацIцIад гъабун чIезабулаан чIеп, цIодорлъи гъабулаан тIанчIи катица унгутIиялъе.

Щибаб цIалул сон лъугIигун, инсуца васасе росулаан хIанчIиги, гIанкIалги, гIисинал кьер-кьерал ччугIбиги. Гьесул рокъоб тIубараб зоопарк гIун букIанин абизе бегьула. Инсуда лъалаан, рукъалъул хIайваналгун заман регIулев васасе, къватIаздеги къваригIел гьечIел ишаздеги вуссине рес букIунареблъи.

Гьелъго батила, рукъалъул тIалабагъаз бугевлъун, магIишаталъул пикру гьабизе лъалевлъун лъугьунев вукIарав Карим. Рукъалъул хIайванал гIезарулаго, гьездаса кIудияб рохел букIунаан васасе. Гьесул рукIинчIо вацниги яцниги. КъанагIат гурони гьудулзабахъеги унароан гьев. Иневги кидаха вукIарав, кидаго гIадин гьесухъе ракIарулаан авалалъулго лъимал. Каримида рухIдаллъун рукIунаан гьел.

ГIолохъанго хвана Каримил эмен. Карим кIудияв гIолев вукIана. Дагьдагькkун рикIкIалъулев вукIана гьев рукъалъул хIайваназдаса. Гьанже гIемериселъ эбелалде кколеб букIана хIайваназе хъулухъ гьабизе. Цонухалъ Самабарица абуна:

– Карим, дир вас, щай дуца рехун толел дурго «лъимал»? Дица тIокIалъ кванazaризе гьечIо гьел.

– Эбел, дица кватIичIого ричун рагьизарила гьел. Дидаги чIалгIун буго гьезие хъулухъгьаби.



– Beралда цеве хисулев вугоха, дир вас, мун. Рукъалдаса дуе къватIал хиралъизехъин ругин ккола...

– Эбел, къоялъ рухIчIаголъабигун вукIине, дунги гьанже гьитIинаб лъимер гурелъулха!..

Цокъоялъ воха-хинлъун вачIана Карим рокъове:

– Эбел, гьанже рукъалъул маккал хьихьизе къасд ккун буго дир.

– Маккал?! Кинал маккал?! Валлагь, маккалги рукIана гьаб рокъоб нилълъее камун! – абун гьумер кьерхинабуна эбелалъ.

– Эбел, дуда лъалебаниха гьезул недегьлъиги гIакъиллъиги. Жалго гIадамал кинигин гIодула гьел, кварид гьаруни...

– Карим, дуда ракIалдейищ кколеб, макказе щибго хъулухъ гьабизе кколарилан?..

– Эбел, – абун ахIана Каримица вохиялъ. Гьесда бичIчIулеб букIана эбел тIуянго дандечIезе гьечIейлъи. – Дуца гьелъул ургъел гьабуге, дицаго гьабила гьезул тIалаб-агъаз.

– Маккал сабаблъун дур цIали хвелилан хIинкъун йиго, дир вас...

– Дагьавлъи лъикI цIализе рагIи кьола, дагьавги цIакъ!

Гьедин, цоязда хадур цоял гьарун, тIубараб тIел гIуна Каримил макказул. Щибаб миккиялъухъ балагьун, гьелда рекъараб цIарги букIана васас ургъун: «ХъахIилаб», «ХъахIаб», «ГабуртIерен», «ХIатIалбагIар» абун.

ЦIалиги Каримил цебего гIадаб лъикIаб букIана. ГIицIго квеш кколеб букIана, мадугьалзаби эбелалде гIарз бахъизе рачIунел рукIин. Гьеб сабаблъун, гIемер ягъизе кколей йикIана Самабар васасде:

– Мадугьалзаби ритIарал ругелъулха, дир вас, гьезул тIохазде рахинеги, ганчIал рехизеги, нужер чIиргъи-хъуялъухъ гIенеккизеги чIалгIинчIого букIинарогури гьездаги. РагIулищ, гьабсагIатгицин лъималазул гьештIейги ахIтIейги?!

– Эбел, рохиялъ руго лъимал гьаркьагъунел. Жидер гьиштIиялъухъе макказул «кьурди» бихьун, гьелдаса хIалхьун ахIдолел руго лъимал. Дуцаго пикру гьабеха, гамачI речIчIани, чIагойищ хутIулел гьединал загIипал хIанчIи? Нижеца гIисинал ракьул гIеркъал рехула гьезда хадур. Гьел жалгоги цIакъ къанагIат гурони рештIунаро чидар тIохазда...

– Щай, дир вас, дуе гьел маккал. Гьел гурелги, дагьалищ ругел дур гьанир хIайваналги хIанчIиги? – Эбелалъе бокьун букIана васас гьездаса инкар гьабизе.

– Эбел, дида лъала щай дуца гьедин абулеб бугебали. Дуе бокьун буго мадугьалзабазе бокьахъе гьабизе. Дица гьезул лъиего квешлъи гьабичIо... Дуда лъалебаниха, эбел, цо гьезул кIарчанлъи, цо гьел кьурдулеб куц, дир хъатинисан гьел кваналел берцинго, дир кIалдисан гьез лълъим гьекъолеб куц бихьизеани дудаго! ЧIахIиял бихьиназгицин хьихьулагури маккал...

– КIиго соналдасан армиялде ахIила, дир вас, мун. АрмиялдагIаги гIакълу щвелеб батилаха дуда, – абун пашманлъана эбел.

– Пашманлъуге, эбел, гьеб кIиго соналда жаниб дир макказ ракIгъезабила дур. Бекерун ина заман, гIемераб мехищ гьеб кIиго сон кколеб...

– БатIирабха, дир вас, битIахъе боржунеб бугин ккола гьаб заман...

Школа лъугIарабго ахIана Карим армиялде. Бащдаб лъагIел иналде гIагараб ДагъистаналдетIаде кIанцIана чачаназул дорасаххун рачIарал халкъазда гьоркьосел гъачагъал. Гьезул мурад букIана кинабго Дагъистан жидерго кверщаликье щвей.

Каримица командирасда гьарун гIарза хъвана, гIагараб ракь цIунизе Дагъистаналде витIейилан.

Каримил гIарза нахъчIвачIо. Живго гIадал солдаталгун цадахъ гьевги вачIана Дагъистаналде.

МоцIгIан мех иналде, Самабарихъе рагъулаб часталдасан баркалаялъул ва зигараялъул кагъат бачIана. Баркала кьолеб букIана гьелъие, битIараб тарбиялъухъ, бихьинчияв, къвакIарав, инсухълъи цIунулев ва гьелъие гIоло рухI кьурав вас гIезавуралъухъ. Зигара балеб букIана, гIолохъанав рагъунасухъ ракIбахъиялъ. Хъвалеб букIана лъукъ-лъукъун гIодов ккарав гьесухъа гъачагъас автомат бахъулелъул, гьесул гьурмадеги тун, бидул хIоринибгицин гьес къеркьей гьоркьобкъотIизе течIилан. Загьир гьабулеб букIана эбелалъе ккараб ками ва бухIи жидееги гIахьалаб букIин.

Гьеб рагъда гIахьаллъарал киназего гуро чIаго хутIизе хъван батараб. Гьедин бахIарчиго хваразул цояв вукIана Каримги.

Абула бетIергьанчиясе ккараб къварилъи гьведаги лъалилан. Лъалариланги кин абилеб, анкьалъ гIавусдулеб букIана Каримил гьве. Маккалин абуни, битIахъе гьесул хвел жидедаго бихьарабгIанги дализе куркьбалги риччан, жидерго къагIидаялъ гIодулел ругилан кколаан. Гьезул цебе букIараб рохалил гъунгъуни къотIана, лъималазул гьиштIи-хитIабалъухъе гьез «чаргу» кьурдулеб букIинчIо. Унго-унголъунги чIегIербан бугилан кколаан гьез.

Бицунеб рагIана, Карим вукъараб бакIалда, гьесул зонохъ роржанхъилел рихьанин гьелилан.

Гьев бахIарчияв васасе памятник базеги хIукму гьабун рагIула.

***Тумазул мацIалдаса буссинабуна***
***ГI.Малачиевалъ***






Дун гьитIинго вукIана,
КIуди чIаго вукIана,
Даим гьедин рукIунин
Дун цIакъ чIухIун вукIана.

КIудица ракIгъеялъе
Маргьаби рицунаан,
БицанкIаби, кицаби
Камун хутIулароан.

Досул харбал, биценаол
Цо-цоккун рикIкIалъана,
РакIалда хутIараб цо
Бицинин нужееги:

КIуди гьитIинаб мехалъ
ЗагIипав вукIанила,
Зама-заманалдасан
Унтулев вукIанила.

МоцIаз бусада лъурав
Лъилъизе кIоларила,
Лъил дару гьекъаниги
Рекъолеб щоларила.

Гъабизе жо тIагIиндал
Гьобол тIаде щванила,
Щиб-щибгIаги жо лъалев
ЛъикIав местIер вугила.

Дов чи кIуди вихьигун,
Хьимизе лъугьанила,
Мун гIадал гIемер лъимал
Лъилъизарунин жинца.

Цинги гIагардеги ун,
ГIинзуниб щуранила:
Цо хIикматаб ицц бугин,
ХIалкIояб лълъим бугилан;



КъатIра ургъиб арабго
Унтарав сахлъулила,
Сахас щуб къулчIарабго
Къуватги цIикIкIунила.

Гьеб хабар рагIарабго
КIуди хIалаканила,
ХIикматаб лълъим босизе
Сапаралъ вахъанила:

– Унтарал сахгьарулеб,
Сахазул хIал цIикIкIунеб,
ХIикматаб дур цо къатIра
КъулчIизе тани щибан.

Инсанасул гьаракьалъ
Гьавгун ицц кIалъанила:
– Лълъим дуе дарулъила
Дир цо гьари тIубани;

Дир лълъим чорок гьабулел
Чахъабазухъе ани,
Дол дихъе къаларедухъ
КъотIи гьабун вуссани...

Рес щиб, ун чучанила
Чахъабазе гьеб тIадкъай.
Чахъабаз гьесиеги
Гьадинаб шартI лъунила:

– Ицц цIунила бацIцIадго
БацIазухъе мун ани,
Нижеда хъатIугеян
Хъурмазда лъазабуни.

Анила, бацIанила,
БацIазухъе щванила,
Борхун тIилги кодоб ккун,
ТIаде гьесаданила:



– Мунагь гьечIел чахъаби
Хъвехъизе хIинкъуларищ,
ХIарамаб дозул гьан кун,
КидалъизегIан чIелел;

Гьадал ругеб рахъалде
ЦогIаги хъумур къани,
КъотIила нужер гIундул,
ГIужие гъела барал...

Сороданила хъурмал,
ЩIакъ хIинкъанила бацIал,
ЦIукIби гIадин гьедарун,
Гьарданила хъачагъал:

– Ниж тIокIалъ чахъабазде
Чабхъаде рахъинаро,
Чанахъанасдаса бацI
ЦIунизе дуда кIвани.

КIвелин гьездаги абун,
Анила гьев цевехун,
Цо гохIда гудур гъолев
Ватанила чагъахъан.

Вас тIаде къуланила,
КъвакIун гаргаданила,
БацIазе гудрал гъуни,
Габур тIун рехилила.

Хъурмалги БетIергьанас
Рижарал жал ругила,
Гьезде туманкI битIани
ТIилица вухилила.

Вихханила чанахъан,
ХIинкъанила чанахъан,
ХIеланила гьев пакъир,
Гьарданила гьев ятим.

– Дица гудурги тела,
ТуманкIги гIодоб лъела,
ГIункIкIаз дир тIармил чIчIваби
ЧIамизе дуца тоге.

ГIункIкIал ругеб кIкIалахъе
Хъетанила дир кIуди,
КIвахIаллъун вукIаниги
Анила гьев цевехун.

Пандрил чIчIваби чIамуни
ЧIандераби гъурилин
ГIункIкIазде ахIданила,
ХIинкъи кьун кIалъанила.

Гьабго щиб балагьилан
ГIункIкIал сороданила,
Гьезул бищун кIудиялъ
КIудида гьаранила:

– Нижеца тIармил чIчIваби
ЧIамиларо кидаго,
Катил зулмуялдаса
Дуца гIункIкIал цIунани.

Гьеб иш жинда тейилан
КIуди разилъанила,
КIалъазе заман гьечIин
Рокъове вилълъанила.

Данде бачIун кавудухъ
Кету мимиданила,
Мун гьечIого кидаго
Квеш букIунин жиндие.

Гьав бокьулеб кетогун
Кьварун гаргаданила,
ТIокIалъ гIункIкIазда хъвани,
Хъвелин лъазабунила.

КIудихъ балагьун кето
Гьиманила кIарчIамго,
РакI гурхIилеб хIалалда
ХIеланила недегьго:

ЧIикIизе мачIгояб рахь
Щвезабе дие цо-цо,
Цинги цере чIаниги
ЧIваларо дица гIункIкIал.

Катил гьари рагIарав
ГIакдахъе вилълъанила,
ГIорто рахьдал гьечIого
Рес гьечIин гьеданила.

ЛагIбацIунеб букIараб
ГIака гIенекканила,
ГIодобиччан кIудигун
КIалъазе лъугьанила:

– Катил мурад тIубазе
Дица мачIгорахь кьела,
Гьаб дир чехь цIезе гIураб
ЧIахI дуца бецун лъуни.

РекIараб харицелгун
КIуди ссанде анила,
ХIухьбахъичIого хIалтIун
ЧIахIил гIарахъ гIунила.

ГIакдаца рахь кьунила,
Гьеб катие щванила,
Катица гIункIкIал кколеб
ГIамал рехун танила.

ГIункIкIаз чанахъанасул
ЧIчIваби рукъуларила,
Рокъоре рачIаниги
Гьес бацIал чIваларила.

БацIаз чахъабаздеги
Чабхъен гьабуларила,
Чахъабаз доб чабхиицц
Чорок гьабуларила...

ГIеме-гIемер бакIазде
ГIемерго векердиялъ
Дол гIузрабиги кIочон
КIуди щулалъанила.

ЩукIдул риччан анила,
Ччорбал гургинлъанила,
Чорхолълъе къуват бачIун,
ЧIаголъи цIикIкIанила.

Доб дарманаб иццухъе
Ине къасд кколарила,
Ине бокьараздаги
Дару гьес малъулила.







*Авар мацI цIуниги, умумулги, гьезул гIумруги, гIадаталги, ретIел-парталги, квен-тIеххги, лъималаз цере гьарулел рукIарал расанди-хIаялги ракIалде щвезарун, Унсоколо тIоцебесеб номералъул школалъул цIалдохъабиги, мугIалимзабиги, тIаде ахIарал гIадамалги цадалъгьугьун тIобитIараб берцинаб тадбиралдаса суратал.*












ным и более сильным.












*Лаваша районалъул ЧIугIли росдал цIалдохъабзги магIалимзабазги ««Лаченалъул» къо» тIобитIулеб заманалда рахъарал суратал.*







Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

2/2020

март – апрель

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г. выдан управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художники номера** М. Муталибов
**Художник обложки** К. Папузова

Формат 60x84 $^1/_8$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,54.
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 25.03.2020 г.
Тираж 1002 экз.
Заказ № 524.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.